Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 5 (6841) 30 январь 2023 с. Итни Ражаб 1444 с. Багьа - эркенаб



РАСУЛ ХIАМЗАТОВАС – 100 СОН

# Расул ва бакълъулал

### Расул ХIамзатовас 100 сон тIубалеб лъагIел рагьана Бакъул улкаялда

**Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовас нусго сон тIубалеб лъагIел рагьиялъул хIурматалда тадбир тIобитIана араб анкьалъ Бакълъулазул мухъалда. Рохалилаб дандельиялда гIахьаллъи гьабуна тIалъиялъул вакилзабаз, творческияб интеллигенциялъ, районалъул батIи-батIиял росабазул вакилзабаз.**

Тадбиралда гIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Бакълъулазул нухмалъулес бицана Расул ХIамзатовас нахъе тараб маданияб ирсалъул тIолго дунялалъе бугеб пайдаялъул ва бакълъулазулгун машгъурав шагIирасул букIараб гьудуллъиялъул.

Администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ ракIарарaзе Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадур гьабураб «Расул ва Гумбет» абураб документалияб фильм бихьизабуна. Тадбир бачана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи, Александр Блокил цIаралда бугеб премиялъул лауреат ХIамзат ГIизудиновас.

Расул ХIамзатовас нусго сон тIубалеб лъегIел рагьи Дагъистаналъул тIалъиялъул рахъалдасан бакълъулазда баркана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас. «Къимат борхатав магIаразул шагIир Расул ХIамзатовасул тIахьал магIарул мацIалда цIалулезул къадар дагьлъизе тезе бегьуларо. ХIамзатовасул даражаялъул шагIирзабазул творчествоялъ квербакъула миллат цолъиялъе. –

Дагъистан тIолго дунялалда рагIизабурав, магIарулазул къадру-къимат борхизабулаго свакачIев Расул ХIамзатовасул асараздехун гIун рачIунел гIелазул рокьи бижизабиялде кIвар буссинабизе ккола нилъеца. Рахьдал мацIал, маданият цIунизе хIаракат бахъи – нилъер борч.

Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда Россиялда тIоритIизе руго батIи-батIиял тадбирал. ШагIир гьавуралдаса гIасру иналда хурхараб тадбир гьев гьавураб Бакълъул районалъул Бакьулъ Гъарадирихъги тIобитIани лъикI букIинин ккола. Расул ХIамзатовасул дарсал, гьесул гъваридал пикраби, инсаният лъикIалдехун гьетIизарулел асарал – тIолго дунялалъул бечелъи ва нилъер чIухIи», – ян абуна ГIабдулвахIид Лабазановас.




Расул ХIамзатовасул гIумруялъул ва творчествоялъул бицана Россиялъул гIелмабазул академиялъул ДРялъул федералияб исследовательскияб централъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIазул, маданияталъул, искусствоялъул институталъул отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, ДГПУялъул Дагъистаналъул мацIазул кафедраялъул доцент, филологиял гIелмабазул кандидат МухIамад НурмухIамадовас, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIи ГIали-хIажи МухIамадовас, ГIиса Шарапудиновас, бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель ГIали ГIумархIажиевас, мугIалимзаби Муса ХIосеновас, Шагьзадай Юсуповалъ, Рамазан ГIабдурахIмановас ва цогидаз.

Расул ХIамзатовасул «Дир Дагъистан» ва «МагIарулай» асараздасан церерахъинал гьаруна Бакълъул районалъул концертниябгун театралияб къокъаялъ. ЦIалдохъабаз цIалана шагIирасул кучIдул.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабаз, цIалдохъабаз ва цогидаз гIахьаллъи гьабуна Расул ХIамзатовасул кучIдул цIалиялъул акциялъулги.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Дагъистаналъул тIалъиялъ шапакъат къуна Гъалип Гъалиповасе**

- 2 гьум.



**ВатIан бокьулезул къимат борхатаб**

- 2 гьум.



**РацIцIалъи цIуни – медицинаялъул ва исламалъул тIалаб**

- 2- гьум.



**СВОялъул гIахьалчиясул рокъобе лъим бачиналъул суал тIубана**

- 3- гьум.

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# Дагъистаналъул тIалъиялъ шапакъат кьуна ГъалипГъалиповасе

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулев, Регионалияб политсоветалъул гIахьалчи, ТIолгороссиялъул сиясатияб «Цогояб Россия» партиялъул Бакълъул мухъалда бугеб бакIалъулаб отделениялъул секретарь Гъалип Гъалиповасе шапакъат кьуна Дагъистаналъул бетIер, «Цогояб Россия» партиялъул Регионалияб отделениялъул нухмалъулев Сергей ГIалимович Меликовас.**



Бакълъулазул бетIерас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовасе муниципалитеталъе гьабураб кумекалъухъ. «ХIурматияв Сергей ГIалимович, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула районалъул суалал тIураз гьабулеб квербакъиялъухъ, бакълъулазул мухъалда федералиял ва республикаялъул программаби гIумруялде рахьинаризе гьабураб кумекалъухъ», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Наркотиказда данде рагъ

### Квешалдаса цIунаги

**Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул махщалилал щвана ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалде. Наркотиказ, мехтизарулел гьекъолел жалаз ва хъалияналъ**



**инсанасе гьабулеб заралалда тIасан гара-чIвари гьабуна цIалдохъабазе.**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул идараялъул нухмалъулесул заместитель ГIалиасхIаб МухIамадовас, специалистал МухIамад ХIамидовас, ХIусен МухIамадовас, ХIабиб ГIабасовас ва МухIамадрасул Чергесовас.

ЦIалдохъабазе гьез бицана сахлъи щулалъулеб хIалалда гIумру гьаби чара гьечIого хIажатаб иш букIиналъул, экстремизмалъулал макъалаби социалиял гьиназда лъезе бегьунгутIиялъул ва гь.ц. Лъималазе гьединго гьаруна пайдаял малъа-хъваялги.

Цебе рехсараб идараялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиев ва гьесул заместитель ГIалиасхIаб МухIамадов араб анкьалъ гьединго дандчIвана рагъулаб борч борхизе заман щола ругел гIолилалгун.



МухIамадгIалиевас гьезие бицана рагъулаб хъулухъ борхиялъул хасльабазул, ВатIан бокьиялъулъ ва гьеб цIуниялъулъ бугеб кIодолъиялъул.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ВатIан бокьулезул къимат борхатаб

### Заира Пахрудиновалье шапакъат кьуна

**Мелитополалде хIалтIизе арай Бакълъул мухъалъул Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим Заира Пахрудиновалье ВатIаналде бугеб рокьиялъухъ ва халкъазда гьоркьоб гьудуллъиялъул бухьен щулалъизабизе бахъараб хIаракаталъухъ шапакъат кьуна. Дагъистаналдаса спецоперация тIобитIараб мухъалде жамгIияб шапакъат щвезабуна «Рагъулаб вацлъи» ВООВалъул Бакълъул ракьалда бугеб идараялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулеймановас.**

Запорожье областалъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министр Елена Шапуровагун дандчIваялда Сулеймановас бицана Россиялде гьорлъе рачIарал цIиял областазе кумек гьаби кIвар цIикIкIараб иш букIиналъул. Дандельиялъул гIахьалчагIазде гьабураб саламальулаб кIалъаялдаса хадуб



МухIамадрасул Сулеймановас ракIалде щвезаруна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница НурмухIамад ХIажимухIамадовасе Россиялъул БахIарчиясул цIар кьун хадуб абурал рагIаби: «Дун дагъистанияв вуго». «Россия цо хъизан буго. Жакъа сверухъ бугеб ахIвалхIалги нилъее бугеб хIал бихьи, нилъ къвакIиялъе сабаб буго», – ян абуна Сулеймановас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# РацIцIалъи цIуни – медицинаялъул ва исламалъул тIалаб

**Киназдаго лъала рацIцIалъи цIуни медицинаялъулгун исламалъул тIалаб букIин. Гьединлъидал щивав чияс хIаракат бахъизе ккола жинда сверухъ бугеб щинаб бакIалда рацIцIалъи цIунизе. Ахирал соназ Бакълъул районалдаги гьеб рахъалде кIвар кьураб хIалтIи гIуцIун бихьулеб буго. Росабалъ рищни – къул базе хасал бакIал рихьизарун, гьенибе гьеб баччизе автотранспорт чIезабун, гIезегIанго рацIцIалъи буго. Амма гьацIулъ хIеги хIаниль расги камуларин умумуз абухъего, росабалъе щведал кIкIалабахъе ва цоги бакIазде ришни – къул балеб букIин бихьулеб буго, гьединаб росдал сверухълъи сурукълъизабула, гьелде тIадеги кибе- кибеги бан тараб рищни-къулалъ гIадамазул сахлъиялъе квешаб асар букIуна.**

Щивасда бичIчIине ккола сахлъиялде бахунеб бечелъи ракьалда гьечIолъи, сахлъи букIин инсанасе щолеб бищунго тIадегIанаб шапакъат. Аллагьас МухIаммад аварагасде (с.т.гI.в.) тIоцебе амру гьабурал жаладасан кколеб буго «Дуца дурго ретIел бацIцIад гьабе» - ян абурал рагIаби. Аварагасул (с.т. гI.в.) хIадисалда буго «РацIцIалъи диналдаса буго» - ян. Цогидал хIадисал рехсечIониги, гьел рагIабаздасанги бичIчIуна диналъги рацIцIалъиялде кьолеб бугеб кIвар.



Ахирияб заманалъ росулъ ва росу сверухъ рацIцIалъи цIуниялде кьолеб кIвар лъикI гIуцIун буго «Сельсовет Аргванинский» администрациялде гьорлъе кколел Аргъвани ва ЦIияб Аргъвани росабалъ. Росдал бегавул ХIусен ГIусмановас ва кIиябго росдал жамагIаталъ гьеб ишалде кIвар кьун буго. ЖамагIатальги росдал администрациялъул бетIерасги, дирго гIагараб росу букIиналъ дицаги ургъел гьабун, нижеца хIукму гьабун буго щибаб анкьил шамат къоялъ кIиябго росулъ рацIцIалъиялъул къо тIобитIизе.

Гьаб соналъул 2I январалда, шамат къоялъ, рахъана харабиги, руччабиги, цIалдохъабиги ва цогидалги кIиябго росулъ жанибги сверухълъиялдаги рищни-къул данде гьабизе. Щибаб анкьалъ, эргъвендеридасан мисал босун, гьединал тадбирал цогидал росабазги тIоритIани, лъикIаб букIинаанин ккола дида.

Узухъда, анкьидаса анкьиде цо – цо къоялъ гьабураб хIалтIуцаги хIасил кьела. Берцинлъи бачIина кIкIалабахъеги, бакълъаздеги, гIадамазда бихьуларин ккарал бакIаздеги, рикIкIаде рехулел рищни – къулалъул пакетал рехизе риччангутIиялъе, депутатазги жамагIатальги цадахъаб хIалтIи гIуцIани. РачIа рацIцIалъи цIунизин жинди-жиндир рокъоб-азбаралда гуребги, росу сверухъги. Росдал нухмалъулев ХIусен ГIусмановасе ва эргъвендерил жамагIаталъе загьир гьабула кIудияб баркала. Тавпикъ кьеги нахъеги рацIцIалъи цIуниялъул тадбирал тIоритIизе.

**Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев полициялъул полковник М. МухIамадов**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## СВОялъул гIахьалчиясул рокъобе лъим бачиналъул суал тIубана

**Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул нухмалъулесул заместитель ГIалиасхIаб МухIамадов ва гьеб идараялъул специалистал ХIабиб ГIабасов, МухIамадрасул Чергесов щвана Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, МелъелтIа росулъа Расул МухIамадовасул хъизан-лъималахъе.**

ГIолилазул вакилзабаз рокъобе лъим бачIинабиялъул суал.

«Трубаби цIореялда бан лъимги гьечIого хутIана ниж. Гьеб суал тIубазе кумек гьарун районалъул администрациялде кIалъана дун. Кьокьидго рагIалде рахьинаруна нижер рокъобе лъим бачIинабиялъул хIалтIаби.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бакълъулазул нухмалъулев Гьалип ГIисахIажиевич



цIех-рех гьабуна СВОялъул гIахьалчиясул хъизан Амина МухIамадовалда тIуразе хIажатал суалал ругодаян ва баян гьабуна, рокъор гьитIинал лъималги тун, ВатIан цIунизе арав ракьцоясул хъизаналъе бажарараб кумек гьабизе букIин.

Гьединго, росабазул администрациязул хъаравуллъиялдаги рукIуна спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул иш. Гьедин, МелъелтIа росдал администрациялъул вакилзабаз тIубана Расул МухIамадовасул Гъалиповасе, МелъелтIа росдал бегавул МухIамад ГIабдунасировасе спецоперациялъул гIахьалчагIазул хъизаназул гьабулеб тIалабагьазабалъухъ. Гьединго баркала загьир гьабула МелъелтIа росдал администрациялъул хIалтIухъан Садрудин Абубакаровасе нижер рокъобе лъим бачIинабизе гьеж гурун хIалтIаралъухь. Аллагьас кIодо гьареги нуж!», – ян абуна Амина МухIамадовалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЛЪАЗАБИ

## ГIарзабазул, лъазабиязул мухIканаб халгьабула

**2014 соналъул 29 августалда къватIибе бачIараб Россиялъул МВДялъул №736 приказалда рекъон, кинал-го Россиялда ругел полициялъул отделаздаго гIадин, Бакълъул районалда бугеб отделалдаги тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял, кинаб къагIидаялъ руго-ниги (телефоналъ, факсалъ, Интерметалъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб) сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе.**

Приказалда рекъон гIарзаялъул хал гьабизе чIезабураб заман буго 3-го сордо - къо, захIмалъиялъухъ балагьун 10-го яги 30-го сордо - къоялде щвезегIан халат бахъине ресги буго. ГIарзагун чи живго вачIани, гьесухъе кьезе бихьизабун буго «талон-уведомление» абураб документ жинда жанибги лъица къабул гьабураб, щиб номералда хъвай - хъвагIай гьабураб, кида къабул гьабурабали бихьизабураб.

Нижеца нужер щибаб гIарзаялъул мухIканаб хал гьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасилги лъазабизе буго кинабгIаги тасамахIлъи биччачIого, цо рахьалде цIайи гьабичIого.

Суалал раккани, кIалъазе бегьула:

Дежурнияб часть: 887272-26-204, 99-69-12, 8 999-418-85-10

Отделалъул нухмалъулесул: 99-69-11, 8 8 272 26 233

Штабалъул нухмалъулев: 99-69-13, 8 928 958-08-20

МВДялъул божилъиялъул телефон: (88722) 98-48-48

**Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев полициялъул полковник М. МухIамадов**

## В РД утвердят меры нематериального стимулирования субъектов предпринимательства по легализации трудовых доходов работников

Под руководством премьер-министра РД Абдулмуслима Абдулмуслимова в среду состоялось заседание регионального Правительства, сообщает РИА «Дагестан». В рамках мероприятия были обсуждены принимаемые меры по снижению неформальной занятости в регионе.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Извещение

Администрация СП «село Нижнее Инхо» в соответствии со ст. 31 Градостроительного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом Российской Федерации от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» о проведении 28 февраля 2023 года в 10 час 00 минут публичных слушаний по проекту генерального плана и Правил землепользования и застройки СП «село Нижнее Инхо».

Публичные слушания проводятся по адресу: РД, Гумбетовский район, с.Нижнее Инхо, ул.Эрдахская, 44, в здание МКУК АСП «село Нижнее Инхо» «Нижнеинховский культурно-досуговый центр».

**Глава СП «село Нижнее Инхо» О.Т. Расулов**

## Администрация сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**25.01.2023 г.**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ №2**

**«О проведении публичных слушаний по проекту Генерального плана и Правил землепользования и застройки муниципального образования»**

**В соответствии со ст. 31 Градостроительного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом Российской Федерации от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» администрация СП «село Нижнее Инхо» постановляет:**

1. Назначить проведение публичных слушаний по проекту генерального плана и Правил землепользования и застройки СП «село Нижнее Инхо» на 28 февраля 2023 года 10-00 часов.

2. Местом проведения публичных слушаний определить здание МКУК АСП «село Нижнее Инхо» «Нижнеинховский культурно-досуговый центр», находящееся по адресу: РД, Гумбетовский район, с.Нижнее Инхо, ул.Эрдахская, 44.

3. Создать и утвердит состав комиссии по проведению публичных слушаний:

- Расулов О.Т.- глава СП «село Нижнее-Инхо» (Председатель комиссии)

члены комиссии:

- Ахмедов М.Г.- зам. главы администрации СП «село Нижнее-Инхо» (секретарь комиссии)
- Сайгитов Ш.М.-депутат Собрания депутатов СП «село Нижнее-Инхо»

4. Настоящее постановление обнародовать и опубликовать в газете «Гумбет»

**Глава СП «село Нижнее Инхо» О.Т. Расулов**

СТРАНА ГОР

## Жители Дагестана стали чаще использовать дистанционные сервисы по оплате за газ

**Дистанционная оплата газа в «Личном кабинете абонента» на сайте компании ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» и в приложении «Мой Газ» завоевывает новых сторонников.**

Зарегистрированные в «Личном кабинете абонента» пользователи оценили плюсы удобного способа управления своим лицевым счетом за газ. Во-первых, это возможность контролировать историю платежей и передавать показания счётчика ежемесячно, избегая нормативных начислений, а также возможность производить оплату онлайн с помощью мобильного банка. И всё это – в удобное для абонента время, с компьютера, планшета, смартфона, имеющего выход в Интернет.

Главное преимущество «Мой Газ» то, что все производимые оплаты через «Личный кабинет абонента» проходят без комиссии.

Получить информацию о состоянии лицевого счета, произвести оплату, просмотреть начисления за поставленный




газ и передать показания приборов учета потребленного газа можно при помощи сервиса «Личный кабинет абонента», перейдя по ссылке https://мойгаз.смородина.онлайн/login

Данный дистанционный интернет-сервис отвечает главному требованию времени – максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

СТРАНА ГОР

## Глава РД: «Строительство и создание перерабатывающих предприятий сегодня продвигается весьма успешно»

**Глава РД Сергей Меликов в рамках прямого эфира проинформировал о ходе реализации проектов агропромышленного комплекса региона, сообщает РИА «Дагестан». «Строительство и создание перерабатывающих предприятий на сегодняшний день продвигается весьма успешно.**

Для примера: в текущем году мы планируем закрыть вопрос по "реанимации" нашего легендарного завода в селе Кикуни, который занимается переработкой фруктов. В Кизлярском районе в ближайшее время приступаем к реализации проекта по строительству мясоперерабатывающего предприятия.

В Южном Дагестане в рамках инвестиционного проекта "Полоса" в Сулейман-Стальском районе хотим создать комплекс по хранению и переработке продуктов», – сказал Сергей Меликов. Более подробно по ссылке:https://riadagestan.ru/news/economy/glava_rd_stroitelstvo_i_sozdanie_pererabatyvayushchikh_predpriyatiy_segodnya_prodvigaetsya_vesma_uspeshno/

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»»

«29» декабрь 2022г. **Решение № 17** сел. Цилитль

**Собрание депутатов постановляет:**
**Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет «Цилитлинский»» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов.**

**1.Доходная часть.**
Расчетные показатели по доходам к бюджету сельского поселения «сельсовет «Цилитлинский»» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов.

| Вид доходов | **2023 г.** | **2024 г.** | **2025 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3119,0 | 2495,0 | 2495,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 48,0 | 48,0 | 48,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Земельный налог | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| Единый сельхоз налог | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| Субвенция | 139,0 | 146,0 | 151,0 |
| ВСЕГО: | **3413,0** | **2796,0** | **2801,0** |

**2.Расходная часть.**
Распределение расходов бюджета сельского поселения «сельсовет «Цилитлинский» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов.

| Вид расходов | **2023 г.** | **2024 г.** | **2024 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1917,0 | 1774,0 | 1784,0 |
| Учреждения культуры | 978,0 | 746,0 | 746,0 |
| ВУС | 139,0 | 146,0 | 151,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 289,0 | 70,0 | 70,0 |
| Молодежная политика | 30,0 | 15,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 30,0 | 15,0 | 15,0 |
| Резервный фонд | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| ВСЕГО: | **3413,0** | **2796,0** | **2801,0** |

**Председатель собрания Г.С. Газгереев**

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»»

Решение: № 1

1. **Утвердить бюджет АСП «село Килятль» на 2023 год в размере 2320,4,0тыс.рублей, и плановый период на 2024 год в размере 1898,6 тыс.рублей, на 2025 год в размере 1791,0 тыс.рублей.**

**а) Доходы**:

| | **2023**г. | **2024**г. | **2025**г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2137,0 | 1710,0 | 1598,0 |
| Субвенция | 113,4 | 118,6 | 123,0 |
| Собственные доходы | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| Имущественный | 27,0 | 27,0 | 27,0 |
| **ИТОГО:** | **2320,4** | **1898,6** | **1791,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1634,0 | 1271,0 | 1210,0 |
| б) | МКУК | 503,0 | 408,0 | 408,0 |
| в) | ВУС | 113,4 | 118,5 | 123,0 |
| г) | Ф/К и спорт | 20,0 | 15,0 | 15,0 |
| д) | Молодежная политика | 10,0 | 5,0 | 5,0 |
| ж) | ЖКХ (благоустройство) | 40,0 | 81,0 | 30,0 |
| | ИТОГО: | **2320,0** | **1898,6** | **1791,0** |

**Председатель сельского Собрания С.М. Узаиров**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В России функционирует Единый общероссийский телефон доверия для детей и родителей

**В России функционирует Единый общероссийский телефон доверия для детей, подростков и их родителей.**

Единый общероссийский телефон доверия для детей, подростков и их родителей 8-800-2000-122 заработал 1 сентября 2010 года.

Кто был первый абонент - ребенок или взрослый? Что беспокоило его в тот момент? Этого мы рассказывать не будем: конфиденциальность изначально была главным условием работы службы экстренной психологической помощи, созданной по инициативе Фонда поддержки детей, находящихся в трудной жизненной ситуации.

Одно можно сказать точно: на том конце провода позвонивший услышал в ответ голос человека, который реально готов выслушать и помочь.

Принципы работы единого федерального номера телефона доверия для детей, подростков и их родителей: набираете номер, происходит определение региона, из которого звонят, звонок переадресуется в службу вашего региона, если линия занята, звонок переадресуется во вторую службу этого региона и т.д., пока не ответит психолог.

В службе телефона доверия работают прошедшие специальную подготовку психологи-консультанты.

Их главная задача - снять остроту психоэмоционального напряжения, переживаний, которые испытывает звонящий в данный момент, и уберечь юного или взрослого собеседника от опрометчивых и опасных поступков, вместе с абонентом проанализировать ситуацию, выявить ее причины, подсказать алгоритмы выхода из сложившегося положения, мотивировать человека на то, чтобы он сам постарался решить проблему. Общение с психологом абсолютно анонимно: называть свое имя, фамилию адрес никто не потребует, счета за разговор, каким бы длительным он не получился, не последует - звонок с любого мобильного или стационарного телефона бесплатный.

**Начальник Отдела МВД России по Гумбетовскому району М.А. Магомедов**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.